



Piblikasyon sa a gen enfòmasyon ki date 8 avril.  
Tanpri ale sou sitwèb [nyc.gov/studentloans](https://nyc.gov/studentloans).

Enfòmasyon Enpòtan pou Etidyan ki gen Prè yo:

## Sispansyon Peman Otomatik ak Lòt Soulajman Pandan COVID-19 la

### Moun ki Gen Prè Federal pou Etidyan

Nan Lwa sou Èd, Soulajman ak Sekirite Ekonomik pou Kowonaviris (CARES) la, peman pou prè federal etidyan kanpe otomatikman, yo p ap pran enterè oswa penalite, pandan sis (6) mwa. Moun ki resevwa prè yo pa bezwen fè anyen. Yo bay yon apèsi jeneral anba la.

Etidyan Ki kalifye pou Prè Federal yo <i>Ministè Edikasyon Etazini (Department of Education, ED) ki jere sa</i>	Dat Sispansyon an Kòmanse	Dat Sispansyon an ap Fini	To Enterè Pandan Sispansyon an
<ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Prè Dirèk*</li> <li>▪ Prè Fedral Edikasyon Familyal (Federal Family Education Loans, FFEL)*</li> <li>▪ Prè Federal Perkins</li> </ul> <p>*gen ladan yo Prè yo ranbouse ak Prè yo pa ranbouse</p> <p><b>Konekte sou Sistèm Enfòmasyon Nasyonal sou Prè yo nan <a href="https://NSLDS.ed.gov">NSLDS.ed.gov</a> pou konnen kiyès nan prè federal yo ou kalifye pou li.</b></p>	13 mas 2020	30 Septanm 2020	0%

Prè yo ki pa kalifye pou soulajman sa a gen ladan yo ansyen prè FFEL yo Ministè Edikasyon Etazini pa posede, Prè Perkins lekòl yo posede, ak prè prive pou etidyan yo.

Pou Prè FFEL ak Pekins Ministè Edikasyon Ameriken pa posede yo, kontakte enstisyon ki ba w prè a pou w konnen ki opsyon ou gen. Ou ka kapab transfòme prè ou a (yo) nan yon prè Konsolidasyon Dirèk ki kalifye pou jwenn soulajman; sepandan, transfòmasyon an pral afekte to enterè alontèm ou ak kantite lajan ranbousman total la. Ou kapab gen opsyon pou ajourneman ak pou abstansyon tou.

### Sa Ou Dwe Konnen

Pandan peryòd yo kanpe peman yo (13 mas pou 30 septanm):

- Ou nan yon sityasyon abstansyon (tolerans) administratif otomatikman. Oto-peman (debi peman otomatik) yo anile pandan peryòd tolerans administratif otomatik la,
- Ministè Edikasyon Etazini pral deklare "peman ajou" yo bay biwo kredi a *kit ou peye kit ou pa kontinye peye prè ou yo*.

Si w chwazi kanpe sou peman prè ou, sa p ap aji sou kredi ou.

Si chwazi kontinye peye prè ou yo, ou ka bezwen pou enskri ankò nan peman otomatik la.

### **Etidyan ki gen Prè Federal ki Enskri nan Peman Otomatik la**

- Yo kanpe Peman Otomatik la pandan peryòd tolerans administrativ la. Ou kapab kontakte enstitisyon prè ou an pou w dezenskri nan tolerans administratif a epi enskri ankò.
- Ou kapab toujou anile peman otomatik ou an sou sitwèb enstitisyon prè ou ab anvan sispansyon an anplas. Sa kapab pran twa (3) ouvrap pou yo trete demann anilasyon yo.
- Ou kapab resevwa yon ranbousman peman otomatik ki fèt ant 13 mas ak 30 septanm. Kontakte enstitisyon prè ou an pou ede w ak ranbousman yo.

### **Etidyan ki Gen Prè Federal pou Etidyan ki Enskri nan Sèvis Piblik K ap Chèche Eliminasyon Prè (Public Service Loan Forgiveness, PSLF) yo oswa Pwogram Ranbousman An Fonksyon Revni (Income-Driven Repayment, IDR)**

- Yo konte peman yo kanpe (ant 13 mas pou 30 septanm) yo pami kantite total "peman elijib" nan PSLF ak IDR yo.

### **Etidyan ki Gen Prè Federal Etidyan yo ki Pa Peye oswa An Reta**

- Yo p ap pran okenn mezi rekouvremman (pou kolekte dèt) avan 30 septanm 2020. Mezi rekouvremman yo kapab gen ladan yo sezi salè (sezi san odyans nan tribinal), anile ranbousman enpo federal, epi anile avantaj federal (pa egzanp, sezi avantaj Sekirite Sosyal yo).
- Si yo anile ranbousman oswa avantaj oswa sezi salè ou yo aprè 13 mas 2020, yo pral ba w yon ranbousman.
- Peman yo kanpe (13 mas pou 30 septanm) konte pou reyaktivasyon prè a.

*Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Gwoup Rezolisyon ki lye ak Defayans Peman Ministè Edikasyon Etazini an nan 1-800-621-3115. (TTY pou moun ki soud oswa mal pou tande yo 1-877-825-9923).*

### **Etidyan ki Gen Prè Federal Etidyan yo Ki Kapab Kontinye Peye**

- Peman ou yo pral ranbouse enterè akimile yo avan 13 mas epi ap sèvi pou ranbouse manman lajan an.
- Peman chak mwa ou yo p ap diminye; sepandan, ou pral ranbouse prè ou yo pi rapid epi peye mwens pi devan.
- Si w nan peryòd tan tolerans la, ou p ap peye penalite si w peye mwens pase sa w te gen pou w peye chak mwa yo.

### **Moun ki Gen Prè Etidyan Prive**

- Gen senk (5) gwo enstitisyon prè—EdFinancial Services, Navient, Nelnet, PHEAA, and MOHELA—ki ofri yon soulajman ki gen ladan li 90 jou peman chak mwa repòte; anile frè an reta yo; pa rapòte anyen negatif bay ajans kredi yo; ak enskripsyon moun k ap resevwa prè yo ki elijib nan pwogram èd alontèm ki disponib yo. Vizite Depatman Sèvis Finans Eta New York nan [dfs.ny.gov/consumers](https://dfs.ny.gov/consumers)
- Pou lòt enstitisyon prive prè pou etidyan, kontakte yo pou mande yon lòt opsyon peman.

## Resous ak Èd Gratis

**Èd Federal Etidyan (nan kad Ministè Edikasyon Ameriken)** Al gade nan [studentaid.gov](https://studentaid.gov) oswa klike sou [Kesyon Moun Poze pi Souvan sou Èd Federal pou Elèv](#) pou kowonaviris ak enfòmasyon sou peryòd tolerans lan.

**Sant Etidyan K ap Fè Prè (Student Borrower Protection Center, SBPC):** Al gade nan [protectborrowers.org](https://protectborrowers.org) oswa klike sou [Enfòmasyon sou SBPC ak Resous pou Moun K ap Fè Prè Pandan Pandemi Kowonaviris la](#)

**Fon Ijans pou Sekou Chanselye Inivèsite Vil New York la:** Al gade nan [cuny.edu](https://cuny.edu)

**Konsèy Gratis sou Finans nan Telefòn:** Al gade nan [nyc.gov/TalkMoney](https://nyc.gov/TalkMoney) pou pran yon randevou.

**Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil New York (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP):** Al gade nan [nyc.gov/studentloans](https://nyc.gov/studentloans)